


Fin Peye Dèt Sipò Timoun Nan Vil New York. De
(2) fwa pi rapid.

PAY IT OFF

Sòti 17 pou rive 31 oktòb 2022

Plis pase 3,000 paran ki p ap viv ak timoun lan te patisipe nan pwogram Pay It Off (PIO) pou diminye 16 milyon dola dèt yo gen pou Depatman Sèvis Sosyal nan Vil New York (NYC Department of Social Services). Rediksyon mwayèn dèt la yo reyisi jwenn pou chak dosye se \$5,558.



Konbyen dèt nou kapab retire pou ou? Aji kounye a pou w ka konnen.

Etap 1 Siyen yon Akò

Soumèt akò a ranpli epi siyen ant 17 jiska 31 oktòb pa imèl, nan kourye lapòs, oswa an pèsòn. Li obligatwa pou w gen yon akò apa pou chak dosye pou resevwa yon kredi.

Voye yon imèl nan: dcse.cseweb@dfa.state.ny.us, sijè "Pay It Off"

Voye l bay:

OCSS – Pay It Off
PO Box 830
Canal Street Station
New York, NY 10013

Fas-a-fas:

Sant Sèvis san Randevou pou Kliyan OCSS
151 West Broadway, 4yèm Etaj
New York, NY 10013
Lè biwo a louvri: Lendi pou rive Vandredi, 8 a.m. rive 7 p.m. (sof jou konje ak wikenn yo)



Telechaje
akò a

Etap 2 Fè yon peman

- [Fè yon peman](#) \$500 oswa plis pou Pay It Off ant 17 jiska 31 oktòb. Nou dwe resevwa peman yo pou pita 31 oktòb 2022 pou resevwa kredi ak montan total obligasyon pou sipò tribinal la òdone ou gen kounye a, ou dwe peye sa ou dwe pou mwa oktòb la an premye, epi ki p ap koresponn.
- Peman an dwe vini avèk akò a. Lè ou ap soumèt akò a yon fason ki separe, di kilè ak kòman ou ap soumèt peman an.
- Lè gen plizyè ka, soumèt yon peman separe pou chak ka.
- Fè peman an nan non "NYS Child Support Processing Center".
- Mete Nimewo Idantifikasyon dosye a epi mete "Pay It Off" sou peman ou a.



Metòd
Peman

Etap 3 Jwenn yon korespondans dola-pou-dola pou peman kalifye

OCSS ap voye yon rezime aksyon li pran yo sou 4 jiska 5 semèn apre nou fin resevwa akò ak peman an.

Etap 4 Diminye dèt ou a plis ankò.

Enskri nan Pwogram Kredi Aryere (Arrears Credit Program, ACP)

Resevwa yon rediksyon dèt yonsèl fwa \$1,000 lè ou aplike pou ACP pandan peryòd PIO a.

Peye obligasyon chak mwa tribinal la òdone epi jwenn yon rediksyon \$5,000 sou dèt DDS ou a nan fen 12 mwa yo. Rete nan pwogram la pandan twa (3) ane epi jwenn yon rediksyon total \$15,000 sou dèt ou gen pou DSS la. Gade detay yo nan nyc.gov/ocss-debt-reduction.

Enterè Sou Jijman Lajan

Si ou fin peye manman lajan sou jijman lajan ou gen pou peye NYC DSS, nou ap elimine enterè ou a.



Gade yon egzanp sou kòman nou kapab diminye dèt la epi jwenn plis enfòmasyon sou nyc.gov/payitoff.